

HOUSTON COALITION AGAINST HATE™

WWW.HOUSTONAGAINSTHATE.ORG

HOUSTON
IMMIGRATION
LEGAL SERVICES
COLLABORATIVE

23 septanm 2021

Sou Imel

Prezidan Joseph R. Biden, Jr.
The White House
1600 Pennsylvania Ave, NW
Washington, D.C. 20500

Minis Jistis Merrick Garland
U.S. Department of Justice
950 Pennsylvania Avenue, NW
Washington, D.C. 20530

Sekretè Alejandro Mayorkas
U.S. Department of Homeland Security
2707 Martin Luther King Jr Ave, SE
Washington, DC 20528

Konsènan: Yon apèl nou lanse bay Administrasyon prezidan Biden pou l fè Biwo CPB a sispann move tretman y ap bay Imigran Ayisyen yo

Prezidan Biden, Minis Jistis la Mesye Garland, ak Sekretè Mayorkas:

Onon Houston Coalition Against Hate (HCAH) ak Houston Immigration Legal Services Collaborative (HILSC), ki reprezante plis pase 100 òganizasyon kominotè ki pa travay pou fè lajan, kèk enstitisyon, kèk lidè, ak kèk òganizasyon ki nan katriyèm vil ki pi peple nan peyi nou an, n ap mande w sispann move tretman diskriminatwa kont migran Ayisyen yo ak sa ki dèyè azil sou fontyè Etazini ak Meksik nan vil Del Rio nan Texas. Sa te endiye nou lè n vin aprann Administrasyon sa a fè lide re-ouvè Gwanntanamo Bay ankò pou fè yon kan detansyon pou Ayisyen, pou rebay Ayisyen move tretman rasis ak



HOUSTON COALITION AGAINST HATE™

WWW.HOUSTONAGAINSTHATE.ORG

HOUSTON
IMMIGRATION
LEGAL SERVICES
COLLABORATIVE

move tretman kriyèl yo te ba yo sa gen trant an.¹ Etazini nan mitan yon kriz ak pandemi Kovid-19 la, nou konprann sa. Sepandan, nou pa kab asepte epi nou pa ka chita bouch be tou pou n ap gade zak diskriminasyon sa yo ak zak vyolans sa yo, ak jan yo fèmen Ayisyen nan kèk gwo kalòj ak jan kèk patwouy ameriken ap bat yo. Sa ki pi deranje nou se jan ofisye CPB yo trete timoun Ayisyen yo mal, epi n ap mande pou yo fè yon rapò konplè sou sante yo epi sou byennèt yo. Nan faz sa a nan devlopman nasyon nou an, pratik vyolans ak move tretman ki pa fèt pou moun yo sèvi pou trete vwazen nou yo se pa konpòtman gouvènman nou an ta dwe ap bay kòm egzantp epi se pa kalite konpòtman pou gouvènman nou an ta dwe ap ankouraje.

N ap mande Lamezonblanch fè yon deklarasyon piblik pou l fè konnen li pa dakò ak tretman rasis sa yo kont Ayisyen sou fontyè Ameriken an. N ap mande Prezidan an menm pou l pase yon lòd egzekitif ki egzije aksyon sa yo:

1. Fè CPB (Biwo ki reskonsab Ladwann ak pwoteksyon fontyè a) sispann tousuit tout zak vyolans ak jan y ap maltrete migran Ayisyen yo sou fontyè a epi fè investigasyon sou tout zak vyolans yo fè.² Nou mande prezidan an tabli yon

¹ Administrasyon Biden nan ap chèche kontraktè pou jere Gitmo kote yo pral kenbe migran yo, polisye ki pale kreyòl, (NBC News, 22 septanm 2021) <https://www.nbcnews.com/politics/immigration/biden-admin-seeks-contractor-run-migrant-detention-facility-gitmo-guards-n1279886>

² Gen [enfòmasyon](#) miltimedya Ofisye CBP ki sou cheval ki sanble y ap sèvi ak kòd cheval la pou yo bat Ayisyen k ap travèse rivyè a pou y al chèche manje pou fanmi yo nan Del Rio. Yè, nou wè [videyo](#) kèk refijye yo fèmen nan yon kalòj youn sou lòt tankou sadin anba yon pon pandan nou tande kèk bri ki sanble bri bal y ap tire. Kalite tretman sa yo ak kalite kondisyon sa yo pa fèt pou moun epi se zak ki kriminel; sa sanble jan yo te konn bare esklav afriken toupatou. Aksyon sa yo fè nou wont epi yo pa aseptab ditou.

³ Le 22 me, 2021, Sekretè Mayorkas te anonse nouvo pwogram TPS pou Ayiti ki pèmèt Ayisyen rive nan peyi Etazini depi 29 Jiyè 2021 epi yo pa janm deplase, pou moun sa yo aplike pou TPS. Rezon ki fè yo te akòde TPS sa a se poutèt gwo vyolasyon dwa moun ak abi moun sibi anba Gouvènman Moïse la, sitiyaasyon sa a vin pi mal apre asasinasyon Prezidan Moïse le 7 jiyè 2021. Men kèk lòt rezon pou TPS la, men sa pa sa sèlman ki gen kòm rezon: poblèm sekirite, sitiyaasyon ekonomik lan k ap vin pi mal, sistèm swen sante k ap vin pi mal; epi tout sitiyaasyon sa yo vin pi mal akòz pandemi a. Sitiyaasyon sa yo plis



HOUSTON COALITION AGAINST HATE™


WWW.HOUSTONAGAINSTHATE.ORG

HOUSTON
IMMIGRATION
LEGAL SERVICES
COLLABORATIVE

2. Gwoup Travay pou mennen investigasyon sou vyolasyon dwa sivil ak dwa zimen ajan federal yo fè sou migran Ayisyen yo sou fontyè Del Rio a, epi fè lòt biwo federal adopte kèk machasuiv ak kèk règleman pou pwoteje dwa zimen Ayisyen ak lòt migran epi ba yo mwayen pou pèmèt yo prezante ka yo devan lajistis.
3. Re-afime angajman Administrasyon Biden nan anvè Refijye Ayisyen pandan l kenbe TPS li bay nan kòmansman ane sa a, sispann gouvènman an sèvi ak Tit 42 a kòm yon zam, epi bay tout Ayisyen k ap mande azil libète Imanitè sou kondisyon swa poutèt yo viktim dezaz natirèl, swa akòz boulevès politik.³ Ogmante TPS la pou Ayisyen ki fèk rive sou fontyè nou an oswa mete yo nan pogram pou depòte yo pita (DED) epi pèmèt yo rantre nan peyi Etazini ak libète imanitè pou yo kab chèche mwayen pou yo vin legal. Etazini pa dwe evite obligasyon legal li pou l pwoteje moun k ap chèche azil, epi pou l asire dwa legal yo genyen pou yo fè sa ak respè epi ak diyite. Olye pou nou bay règleman CPB yo priyorite, règleman ki defansif ak sa ki fè move efè siko-sosyal sou migran yo, nou mande pito pou w bay Ayisyen k ap mande azil sou fontyè a mwayen ak opòtinite pou yo fè demann azil yon fason ki san patipri epi yon fason ki jis. Li ta pi bon si yo kab fè sa nan kominote ki gen resous pou ofri yo sèvis sosyal ak sèvis avoka olye pou yo fè sa nan sant detansyon nou yo ki chaje ak poblèm.

Met sou sa, n ap mande Prezidan Biden pou l pase yon lòd Egzekitif tousuit pou kreye yon Gwoup Travay ki va mande Biwo Homeland Security, biwo Jistis, epi FBI pou yo kòmanse fè investigasyon sou vyolasyon dwa sivil ak vyolasyon dwa zimen migran yo, epi tou pou yo fè investigasyon sou vyolans CPB fè sou Ayisyen ki tap mande azil yo ki

povrete k ap ogmante, poblèm sosyal ak poblèm politik, vyolans gang, man resous premye nesosite, tout sa yo vin pi grav akòz tranblemanntè ki fèk pase (14 out 2021) an epi tanpèt twopikal (1 out 2021) an. Mesye Daniel Foot, Anwaye Espesyal Etazini nan Peyi d Ayiti a konfime sitiyasyon grav peyi d Ayiti nan lèt demisyon li bay [nan lèt demisyon li bay](#) le 22 septanm 2021. Ak tout devastasyon sa yo, pou ki sa nou menm Ayisyen y ap voye nou tounen?



HOUSTON COALITION AGAINST HATE™

WWW.HOUSTONAGAINSTHATE.ORG

HOUSTON
IMMIGRATION
LEGAL SERVICES
COLLABORATIVE

te sou fontyè Del Rio a, vyolans kont medam yo epi sou kesyon trafik moun. Gwoup travay la dwe mande Biwo Pwoteksyon Entèn nan kolabore ak tout biwo ki konsène yo

pou yo amelyore fòmasyon yo bay ofisye CPB yo, amelyore sistèm pou moun pote plent pou abi yo sibi, fòmè ajan ki fè patwouy sou fontyè yo sou kesyon vyolans kont fi epi sou trafik moun, epi etabli fason pou disipline ofisye ki vyole dwa sivil ak dwa zimen migran yo. N ap mande Administrasyon Biden nan pou l fè konnen li pa dakò epi l ap derasinen konpòtman rasis ak zenofobi sou nenpòt fòm epi nan nenpòt pati nan gouvènman nou an. N ap mande Administrasyon an tou pou l kreye mwayen pou pèmèt Ayisyen jwenn azil nan peyi Etazini.

Sa enpòtan pou lidè nasyon sa a pran enkyetid sa yo o serye epi pou yo rezoud poblèm nou mansyone nan lèt sa a. Nou nan yon moman gran refleksyon, epi nou pa nan pwen nou ta dwe ye kòm yon nasyon ki pran angajman sou kesyon jistis, sou kesyon imanite, epi sou kesyon konpasyon. Nou swete tout moun yo eli ak moun yo bay pozisyon nan tout nivo nan gouvènman an va demontre angajman yo pou dwa zimen, pou dwa sivil epi pou dwa Imigran.

Mwen salye ou,
Marjorie Joseph
Direktè Egzekitif, Houston Coalition Against Hate

Zenobia Lai
Direktè Egzekitif, Houston Immigration Legal Services Collaborative

Justine Fanarof, JD, MPH
Prezidan Komasyon, Houston Coalition Against Hate

Translation services from English to Haitian Creole provided by Fedo Boyer of
CREOLETRANS, Website: www.creoletrans.com.

